



Pou Piblikasyon Imedya: 17/09/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## DEKLARASYON GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL AK PWOKIRÈ JENERAL LETITIA JAMES

Aprè nouvèl jodi a ke Instagram pral prezante nouvo karakteristik sekirite pou minè sou platfòm li a, Gouvènè Hochul ak Pwokirè Jeneral James te pibliye deklarasyon sa a ansanm:

"Timoun nou yo ap fè fas ak yon kriz sante mantal ki te alimente atravè paj piblikasyon rezo sosyal ki kreye depandans – e chanjman Instagram anonse jodi a se prèv ke lwa prensipal New York yo deja fè yon gwo enpak pou pwoteje timoun yo sou entènèt.

Nan mwa jen, nou te adopte Lwa SAFE for Kids – premye lwa nou an nan nasyon an pou mete restriksyon sou piblikasyon ki kreye depandans epi sispann notifikasyon ta nan aswè pou minè nan New York yo. Apèn twa mwa apre, Instagram te di ke li pral fèmen notifikasyon an reta pou tout minè nan tout peyi a, ansanm ak kreye plis zouti sipèvizyon pou paran yo. Lè New York pran mezi solid ak desizif, li te ede asire ke plizyè milyon timoun atravè nasyon an pral gen pi gwo pwoteksyon.

Se pou nou klè - batay nou an pou pwoteje timoun yo sou entènèt la byen lwen fini, ak anons Instagram a se jis yon etap nan bon direksyon an. Lwa SAFE for Kids la pral konbat tou algorit ki kreye depandans epi Lwa sou Pwoteksyon Done Timoun nou an pral anpeche sit entènèt kolekte epi vann done timoun nou yo. Chak platfòm rezo sosyal - ki gen ladan Instagram - ap bezwen respekte règ sa yo nan New York, menm jan yo ta dwe atravè nasyon an. Nou p ap janm sispann goumen pou pwoteje timoun nou yo - e nou espere kontinye travay enpòtan sa a."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)